

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, aya hal nu bisa dicindekkeun ngeunaan adegan kalimah dina artikel siswa kelas XII IPS 2 SMAN 12 Bandung.

*Kahiji*, wangun kalimah dina artikel siswa nyoko kana kalimah salancar jeung kalimah rangkepan, kalimah salancar diwangun hiji klausa bebas, anu unsur-unsurna ngawangun jejer, caritaan, boh dibarengan ku udagan atawa panglengkep sarta katerangan boh henteu. Dumasar kana lengkep henteuna unsur-unsurna, kalimah salancar dibédakeun jadi kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Kalimah salancar basajan umumna diwangun ku jejer, caritaan, aya atawa henteuna udagan atawa panglengkep. Upamana dina kalimah “artikel basa Sunda pentingna pendidikan”. Ari dina kalimah salancar jembar mah diwangun ku jejer, caritaan, boh diwangun ku udagan atawa panglengkep boh henteu. Sarta ditambah ku unsur wenang fungsi katerangan. Upamana dina kalimah “atuh urang latihan bulan lima”. Kalimah salancar nu réa muncul nyaéta kalimah salancar jembar (96 kalimah), ari pangsaeutikna nyaéta kalimah salancar basajan (7 kalimah).

Ari wangun kalimah rangkepan diwangun ku dua klausa atawa leuwih. Dina kalimah rangkepan klausa-klausa nu ngawangun téh aya patalina, boh sacara gramatik boh semantik. Patali antarklausa dina kalimah rangkepan kabagi jadi dua rupa, nyaéta koordinasi atawa ngantétkeun jeung subordinasi atawa sumélér. Koordinasi mangrupa ébréhan tina klausa-klausa nu aya hubunganana atawa sadarajat. Sabalikna, subordinasi mah ngébréhkeun yén klausa-klausa kalimah rangkepan téh henteu sadarajat.

Lolobana kalimah rangkepan nu muncul téh nyaéta kalimah ngantét dwiklausa (43 kalimah), pangsaeutikna nyaéta kalimah sumélér caturklausa jeung pancaklausa nu masing-masing ngan aya sakalimah.

Sangkan leuwih jéntré ieu panalungtikan téh kapanggih aya 164 data wangun kalimah. Tina sakabéh data kalimah nu aya, kapaluruh aya dua wangun kalimah, nyaéta (1) kalimah salancar, anu ngawengku 7 kalimah salancar basajan jeung 96 kalimah salancar jembar (2) kalimah rangkepan, anu ngawengku 47 kalimah ngantét jeung 14 kalimah sumélér. Dina kalimah ngantét kabagi jadi dua nyaéta klaimah ngantét dwiklausa (43 kalimah) jeung kalimah ngantét triklausa (4 kalimah). Kitu deui dina kalimah sumélér nu kabagi jadi opat nyaéta kalimah sumélér dwiklausa (9 kalimah), triklausa (3 kalimah), caturklausa jeung pancaklausa (1 kalimah).

*Kadua*, analisis struktur kalimah dina artikel nyoko kana pola unsur-unsur kalimah nurutkeun fungsina. Tina jihat wangun, kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar masing-masing ngabogaan pola anu béda-béda. Kalimah salancar basajan nyoko kana tilu pola, nyaéta (1) pola I: J + C kapanggih aya 3 data kalimah salancar basajan, (2) pola I.a: J + C + U kapanggih aya 3 data kalimah salancar basajan, jeung (3) pola I.b: J + C + Pa kapanggih aya sakalimah salancar basajan. Ari kalimah salancar jembar nyoko kana tilu pola, nyaéta (1) pola II: J + C + K kapanggih aya 45 data kalimah salancar jembar, (2) pola II.a: J + C + U + K kapanggih aya 26 data kalimah salancar jembar, (3) pola II.b: J + C + Pa + K kapanggih aya 25 data kalimah salancar jembar.

Adegan kalimah satuluyna nyaéta kalimah rangkepan ngantét nu nyoko kana dua pola, nyaéta (1) pola III: Kng Dwkl  $\rightarrow$  Klai 1 + Klai 2 (kalimah ngantét dwiklausa nu diwangun ku klausa inti 1 jeung klausa inti 2), (2) pola III.a: Kng Trkl  $\rightarrow$  Klai 1 + Klai 2 + Klai 3 (kalimah ngantét triklausa nu diwangun ku klausa inti 1, klausa inti 2 jeung klausa inti 3). Ari kalimah rangkepan sumélér nyoko kana opat pola, nyaéta (1) pola IV: Ksum Dwkl  $\rightarrow$  Klai 1 + Klasel 2 (kalimah sumélér dwiklausa nu diwangun ku klausa inti 1 jeung kalusa sélér 2), (2) pola IV.a: Ksum Trkl  $\rightarrow$  Klai 1 + Klai 2 + Klasel

3 (kalimah sumélér triklausa nu diwangun ku klausa inti 1, klausa inti 2 jeung klausa sélér 3), (3) pola IV.b: Ksum Ctrkl → Klai 1 + Klai 2 + Klai 3 + Klasél 4 (kalimah sumélér caturklausa nu diwangun ku klausa inti 1, klausa inti 2, klausa inti 3, jeung klausa sélér 4), (4) pola IV.c Ksum Pnckl → Klai 1 + Klai 2 + Klai 3 + Klai 4 + Klasél 5 (kalimah sumélér caturklausa nu diwangun ku klausa inti 1, klausa inti 2, klausa inti 3, klausa inti 4, jeung klausa sélér 5).

Sacara gurat badag kalimah dina artikel nu dijieun ku siswa téh geus bener, tapi masih kénéh aya kecap atawa frasa nu leungit, sarta henteu dipakéna tanda baca dina kalimah, nu nyebabkeun panalungtik hésé dina nangtukeun wangun jeung adegan kalimahna.

## 5.2 Implikasi

Tina hasil panalungtikan, pedaran, jeung kacindekan nu geus dipedar saméméhna, katitén yén adegan kalimah basa Sunda nu kapanggih téh diperlukeun ayana pamahaman kana wangun kalimah. Wangun kalimah nu rupa-rupa bisa jadi modal utama dina nangtukeun pola fungsi unsur kalimahna.

Implikasi nu bisa dilarapkeun téh mangrupa adegan kalimah basa Sunda hususna dina widang basa. Ku ayana panalungtikan ieu, dipiharep bisa ngarojong mahasiswa pikeun ngamotékarkeun adegan kalimah dina nulis, utamana dina widang sintaksis. Jaba ti éta bisa méré gambaran tur ngajembaran pangaweruh ngeunaan prosés ngajar tata basa Sunda kiwari. Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran basa jeung sastra Sunda bisa jadi leuwih euyeub ku rupa-rupa adegan kalimah nu bisa diajarkeun. Éta hal satuluyna dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sangkan kalimahna luyu jeung tata basa Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

*Kahiji*, ieu panalungtikan téh ngeunaan adegan kalimah anu aya dina artikel siswa kelas 12. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik adegan kalimah anu sumberna tina karya sastra buhun, nu nulisna pangarang nu geus kasohor sangkan bisa méré bébédana tina segi basa nu dipakéna.

*Kadua*, ieu panalungtikan masih kénéh analisis murni ngeunaan adegan kalimah nu dianalisis jeung didéskripsikeun tina struktur. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik adegan kalimah nu dipatalikeun kana bahan jeung proses pangajaran di sakola, sangkan nambahan référénsi pikeun guru di lapangan.